



Si ou ansent oswa ou ap eseye vin ansent ...

Pran prekosyon pou anpeche enfeksyon viris ki rele **Zika** a
Gen plizyè rapò ki montre timoun ki mal fèt akòz maladi sa a.

Konsèy pou moun k ap vwayaje ak fason pou evite pran maladi a



- Si ou ansent, fè yon ti tann avan pou ou vwayaje nan peyi kote viris Zika a ap simaye toujou. Si gason oswa fanm ou nan relasyon seksyèl ak li a te vwayaje oswa ap viv yon kote viris Zika a ap simaye toujou, toujou itilize yon metòd pwoteksyon oswa pa fè seks ditou pandan ou ansent la. Ou sipoze mete kapòt oswa kouvèti bouch pandan w ap fè tibèf epi itilize kapòt chak fwa ou fè sèks ki gen penetrasyon ladan. Fè yon ti chita pale ak doktè ou sou posiblite pou mesye ou nan relasyon ak li a pran maladi a ak si li te gen maladi ki tankou Zika deja.
- Si w ap eseye ansent epi gen posiblite ou te pran kontak ak viris Zika a swa nan vwayaj oswa sèks, tann omwen wit (8) semèn avan ou eseye ansent, kit ou gen sentòm ou pa. Nou konseye gason ki kapab te pran kontak ak viris Zika a swa nan vwayaj oswa sèks yo tann omwen sis (6) mwa avan yo eseye ansent madanm yo, kit yo gen sentòm ou pa.
- Si gason oswa fanm ou nan relasyon seksyèl ak li a ap viv yon kote Zika a ap simaye toujou, itilize kapòt pandan tout peryòd viris Zika a ap simaye nan zòn nan.
- Si ou ansent oswa ou kapab vin ansent epi ou oblije vwayaje nan youn nan zòn sa yo, pale ak doktè ou yo avan epi swiv règ pou evite moustik mòde ou yo ak anpil atansyon. Si ou te vwayaje nan yon zòn kote viris Zika a ap simaye toujou omwen uit semèn avan ou te gen konfimasyon ou ansent, diskite kote ou te vwayaje yo ak doktè ou.



Jan pou evite moustik mòde ou

- Itilize pwodwi kont moustik ki anrejistre nan Ajans Pwoteksyon Anviwònman la Environmental Protection Agency (EPA). Yo evalye tout pwodwi kont moustik ki anrejistre nan EPA yo pou wè si yo mache byen.
- Rete kote ki gen klimatizè oswa ki itilize twil pou fenèt oswa pòt pou moustik yo rete deyò.
- Dòmi anba yo moustikè si ou aletranje oswa deyò epi ou pa kapab pwoteje tèt ou kont moustik.
- Trete rad ak ekipman ou yo ak pèmetrin oswa achte bagay ki trete ak pèmetrin.
- Mete chemiz manch long ak pantalon long.

**Pou jwenn plis enfòmasyon, ki gen ladan yon lis kote viris Zika
a ap simaye toujou, vizite sitwèb:**

www.dhss.delaware.gov/dhss/dph/zika.html

